

Dokiman sa a se tradiksyon yon dokiman legal MassHousing. MassHousing ofri w tradiksyon sa a sèlman pou ede'w konprann dwa ak obligasyon ou genyen. Vèsyon dokiman sa a ki nan lang Anglè a se vèsyon ofisyèl la, legal epi ji gen dwa sou tout lòt dokiman. Tradiksyon dokiman sa a pa yon vèsyon ki ofisyèl.

AKÒ ANVAN OU RANTRE NAN APATMAN AN

_____ Apre san an dokiman an refere a “Administratè”) kòm reprezantan pou _____ nan Massachusetts (patnèchip limite) oswa (konpayi a responsabilite limite) oswa (kòporasyon), pwopriyetè Devlopman an (Mèt Kay) dapre sa lwe apatman an bay _____(la a epi kòm “Rezidan” pi devan), apatman sa a dapre tèm ak kondisyon sa yo:

Non Developman an: _____

Adrès Apatman an: _____

Nimewo Biling nan: _____

Nimewo Apatman an: _____

A. LWAYE

Lokatè a dwe peye _____ chak mwa pou lwaye apatman yo anfème a (sètadi “Apatman” an), Eksepte si ta genyen yon akò ajisteman ki dekri nan paragraph B a, dwe \$ _____. Lokatè a konpran lwaye sa a pi piti pase lajan ou ta dwe peye nòmalman pou apatman sa a. Lwaye sa a mwens a koz asistans lajan gouvènman ajoute, lajan gouvènman an rezèv pou aistans koze kay, oswa lòt lajan leta Gouvènman Federal Depatman Kay ak Devlopman Minisipal (HUD) epi/oswa lòt asistans Leta Massachusetts bay (“Pwogram Asistans Aplikab”). Pwogram Asistans Aplikab pou apatman an nan Tablo A ki la. Lokatè yo ak tout Administratè dakò epi konprann Massachusetts Housing Finance Agency (“MassHousing”) ap sipèvize epi detèmine lwaye sa a tankou ajans ki bay asistans finansyè a ak respè nan Devlopman epi/oswa kòm administratè Pwogram Asistans Aplikab. Lokatè a dwe peye lwaye a an avans nan premye jou chak mwa pou mwa sa a.

Lwaye a enkli tout sèvis/tilite ki ofri yo, eksepte telefòn ak lòt bagay epi kategori ki presize anba a. Nenpòt sèvis/tilite ki enkli nan lwaye a koulye a MassHousing otorize Administratè pou retire apre nan pri lwaye a pou Apatman an, Lokatè a dwe peye li menm dapre Akò sa epi yon ajisteman nan pri sa a ka fèt depi MassHousing dakò sa. Lwaye a pa enkli sèvis swivan sa yo, ki ka koute plis:

[Kategori epi montan ki pa enkli nan Lwaye a]

B. AJISTEMAN LWAYE

Depi MassHousing te dakò anvan egalman ak pwovizyon nan Paragraf G(5) Akò sa a, Administrasyon an ka chanje kòb lwaye a nenpòt ki moman dapre kondisyon akò a pou

rezon swivan sa yo: (a) yon chanjman nan tablo orè pou tout lwave Developman an; (b) chanjman nan salè fanmi ou, vin gen plis moun nan fanmi ou, oswa lòt koze ki konsidere nan konpozisyon kalkilasyon lwave Lokatè a dapre Pwogram Asistans Aplikab la; (c) pou rezon ajisteman MassHousing deside ki aplikab pou asistans pou sèvis/tilite; (d) pou rezon ki pat nan asistans pou peyman tilite ki te déjà nan lwave Lokatè an; (e) pou rezon chanjman nan règ nenpòt Pwogram Asistans Aplikab yo; (f) si lokatè a pa bay enfòmasyon tankou salè fanmi li, konbyen moun ki nan fanmi li, oswa lòt bagay Administrasyon an ekzije; epi (g) Asistans nan Pwogram Aplikab la fini. Lokatè an dakò pou obeyi epi peye nenpòt chanjman nan lwave a. Eksepte kote ki dekri nan seksyon yo; (g) Administrasyon an dakò pou anonse chanjman nan lwave sa a nan yon lèt trant (30) jou anvan chanjman sa a vin efektif epi pou li chanje nan dokiman akò a. Anons sila ap genyen nouvo lwave Lokatè a dwe peye a epi dat li ap efektif la, epi rezon pou chanjman sa a. Anons sila ap avize Lokatè dwa li genyen pou rankontre ak Administrasyon an pou diskite chanjman sa a. Nan ka chanjman nan lwave a, Lokatè an gen dwa pou fini Akò (kontra) epi li gen dwa pou li pa dakò a chanjman sa a si li ekri Administrasyon an nan dis (10) jou apre li resevwa anons Administrasyon an. Fin akò sa a ap efektif nan trant (30) jou apre dat lwave a te chanje a kòm li dekri nan anons chanjman lwave a.

C. **TÈM AKÒ**

Akò a se pou yon peryòd yon (1) ane, ki kòmanse nan 20 tyèm jou, epi amwens ke li akò a ta revoke pi devan, li ap renouvre otomatikman pou tèm konsekitif de yon (1) ane nan fen tèm inisyal la. Lokatè a ka revoke akò sa a nan fin ane inisyal la oswa nan fin nenpòt ki mwa pandan nenpòt ki tèm konsekitif depi li anonse sa trant (30) jou an avans bay Administrasyon an.

Si toufwa Administrasyon an, pou kelke rezon ki depase kontwòl li, pa kapab delivre Apatman an bay Lokatè a nan trant (30) jou ke li te pwomèt la, Lokatè oswa Administrasyon an gen dwa pou revoke Akò a nan yon lèt nan ka sa a, Administrasyon an dwe retounen tout deposit Lokatè a te déjà bay. Epi Akò sa a dwe revoke san okenn nan yo de (2) genyen fiti obligasyon legal.

D. **SEKIRITE DEPOZIT**

1. Administrasyon an rekonèt li resevwa depozit \$__ nan men Lokatè pou Administrasyon an pandan akò a, oswa nenpòt ki ekstansyon oswa renouvelman, kòm sekirite pou lwave ki pa peye pou rezon ki pa valab oswa retire yon pòsyon dapre lwa si genyen bagay ki kraze nan Apatman an ki re responsabilite Lokatè an dapre Akò sa a; ou dwe konprann depozit sa a pa dwe konsidere tankou lajan lwave ki peye déjà, epi bagay ki kraze pa dwe limite sèlman a sekirite depozit la.

Administrasyon an dakò pou mete lajan depozit la nan yon kont ki separe ki ap genyen enterè sou li, nan yon bank ki nan Commonwealth la epi li dwe bay Lokatè a yon resi nan trant (30) jou apre Administrasyon fin resevwa lajan sa a ak resi ki montré non ak adrès bank kote lajan an ye a epi balans ak nimewo kont sa a.

2. Administrasyon an dwe, nan trant (30) jou apre Akò a fini oswa apre Rezidan an kite Apatman an konplètman, ansanm ak tout bagay nèt, nenpòt kilès ki fèt apre, dwe retounen sekirite depozit la oswa nenpòt balans ki ta rete, epi nenpòt ki enterè ki ta genyen, kòm ekzije pa la lwa, si rete, apre dediksyon lajan pou lwaye ki pat peye oswa pou bagay Lokatè a kraze, oswa pou nenpòt ki bagay Lokatè a responsab dapre tèm Akò sa a, bagay ki abize nòmalman pa konte, ansanm ak yon deklarasyon ki montre an patikilye nenpòt ki reparasyon ki gen pou fèt pou repare tout bagay ki kraze ak total pri reparasyon oswa estimasyon total pou reparasyon yo, tout sa ki aplikab dapre la lwa.
3. Si Administrasyon an kenbe yon sekirite depozit pou yon peryòd de yon (1) ane oswa pli lontan de dat Lokatè a koumanse tèm lwaye a. Administrasyon an dwe peye oswa bay kredi enterè a pousantaj la lwa ekzije a, si genyen, bay Rezidan an nan fin chak ane lwaye a.
4. Administrasyon an dakò pou li swiv pwovizyon Lwa Jeneral Mass. Chapit 186, seksyon 15B ki genyen respè a nenpòt ki sekirite depozit Administrasyon an te kenbe.

E. ENSPEKSYON

1. Lè Administrasyon an resevwa sekirite depozit la nan men Lokatè oswa lè Rezidan dwe rantre nan kay la, nenpòt kilès ki vin anvan, dwe enspekte Apatman an pou pran nòt eta prezan Apatman an. Administrasyon dwe bay Rezidan yon lis ki dekri eta prezan Apatman an ki genyen deskripsyon tout bagay ki déjà kraze nan fòm ki tache nan dokiman kòm attachman A depi yo resevwa sekirite deposit la oswa nan dis (10) jou apre lokatè koumanse rete nan kay la, nenpòt kilès ki vin apre.

Lokatè yo dwe nan kenz (15) jou retounen dokiman ki gen deklarasyon sa a, oswa nan kenz (15) jou apre dat Lokatè an rantre nan kay la, nenpòt kilès ki vin apre, siyen epi retounen li bay Administrasyon an pou rekonèt yo dakò oswa liste nenpòt ki bagay ki kraze Administrasyon pat liste.

Si Lokatè a bay yon lis bagay ki kraze ki separe de lis Administrasyon an, Administrasyon an gen ken (15) pou li rekonèt li resevwa lis sa a epi retounen yon kopi bay Lokatè ki deklare yo dakò oswa yo pa dakò. Lè Lokatè a siyen Fòm Enspeksyon an ki rele Atachman A a, li rekonèt Apatman te enspekte, li satisfè epi li dakò ak kondisyon Apatman an, eksepte kote li make nan Fòm Enspeksyon an, dakò Apatman pare pou moun rete ladann, epi Administrasyon an pa egzije pou lip entire, replaste oswa fè okenn lòt travay kòm kondisyon pou Lokatè a koumanse rete nan kay la.

Lokatè a dakò ak kondisyon Apatman an ki demontre nan Fòm Enspeksyon an Lokatè a siyen epi dakò li ap retounen Apatman an nan fòm ak kondisyon li resevwa li a bay Administrasyon an. Administrasyon an konnen sèten pati ap izaje dapre izaj natirèl.

2. Anvan Lokatè a soti nan Apatman an, Lokatè ap mande Administrasyon an pou Enspekte Apatman an ak randevou nan lè ofis la ouvè. Pandan enspeksyon sa a Administrasyon an dwe verifye epi anrejistre tout bagay ki kraze ki bezwen ranje ki responsabilite Lokatè a. Yon deklarasyon ekri ki dekri tout sa ki kraze epi konbyen kòb yo estime reparasyon yo

ka koute dwe fèt nan trant (30) jou vizit sa a, epi yon kopi deklarasyon sa a dwe ale jwenn Lokatè a.

Si lokatè a soti nan kay la san li pa anonse sa, enspeksyon an dwe fèt kan menm, men san prezans Lokatè a, sepandan yon deklarasyon ekri ki dekri tout sa ki kraze epi konbyen kòb yo reparasyon yo koute dwe ale jwenn Lokatè a si lokatè a te bay Administrasyon an yon adrès pou resewa korespondans.

F. **LOKATÈ a DAKÒ**

1. Pou peye lwaye nan premye jou chak mwa eksepte nan sikontans ki dekri nan Paragraf G(4) la a epi devan. Lokatè yo dwe konnen si lwaye a an reta plizyè fwa, se vyolasyon Kontra epi ki ase pou jistifye revokasyon kontra sa a.
2. Pou viv la vi ou nan la pè ki respekte dwa lòt rezidan pou jwi konfò, sekirite, solitid, pwoteksyon, epi jwi epi evite tout zak ki ka enpeche jwisans dwa sa yo.
3. Pou kenke yon Apatmannan nan bon kondisyon ki pwòp; pou itilize aparey, fikstchè, epi ekipman nan yon jan ki pa mete la vi ou an danje epi itilize sèlman pou sèvis yo te fèt la; pa fè salte, kraze, vandalize, oswa retire okenn pati nan apatman an, pati kote tout moun itilize yo, oswa lakou devlopman an.
4. Pou mande epi resevwa pèmisyon nan men Administrasyon an davans nenpòt ki adisyon nan fanmi ou pou rezon apa de nesans oswa adopsyon yon ti moun, lè ou ap fè demand sa a enkli yon novo aplikasyon pou kay la, ki genyen novo chanjman nan kantite moun adisyonèl. Si ou pa fè demand pèmisyon sa a nan men Administrasyon an ase pou revoke Kontra a jan li dekri la epi devan.
5. Pou peye lajan Administrasyon an depanse pou ranje sa ki kraze nan kay la (eksepte sa ki kraze dapre abizaj natirèl), ki fèt ak entansyon oswa negligans kondwit Lokatè a, yon manmb kay la oswa vizitè nan trant (30) jou apre resevwa fakti Administrasyon bay. Fakti sa dwe genyen bagay ki kraze yo, sa Administrasyon an fè pou ranje sa ki kraze and konbyen tout sa koute.
6. Pou rapòte bay Administrasyon an tout pwoblèm mentenans san ou pa eseye solisyone pwoblèm sa a.
7. Pa eseye sou lwe Apatman an, epitou san akò Administrasyon an, pèmèt okipasyon Apatman an apa nan yon baz ki tanporè bay lòt moun ki pa listen an moun ki liste nan paragraf M Akò sa a. Dapre paragraf sa a tanporè vle di okipasyon pa pou lis de katòz (14) jou a file pandan yon ane.
8. Pa pentire, dekore oswa anbeli oswa chanje ou byen adisyone oswa modifie Apatman an, machin elektwonik, fikstchè, oswa lòt aparey, san otorizasyon ekri Administrasyon an. Pa enstale machin a lave, drayè/sechwa, van kondisyone, antèn, lòt aparey oswa ekipman san pèmasyon ekri Administrasyon an. Pa enstale lòt oswa diferan seri nan pòt oswa fenèt

san otorizasyon davans nan men Administrasyon an. Kote ou enstale seri nan pòt oswa fenèt, ou dwe bay Administrasyon an yon kle seri sa a.

9. Pou itilize Apatman an kòm rezidans prive sèlman epi pou okenn lòt rezon san pèmisyon ekri Administrasyon an.
10. Dapre pwovizyon nan Paragraf G(6) pi ba a, ou dwe pèmèt aministrasyon an pou rantre nan Apatman an pandan lè ki rezonab ak anons davans pou fè reparasyon oswa ranje, enspeksyon pou mentenans, oswa, apre Lokatè a anonsé li ap soti nan kay la, pou montre Apatman an bay fiti lokatè oswa pou montre reprezantan MassHousing oswa lòt ajans publik Apatman an. Nan ka ijans pou kite Administrasyon an rantre imedyatman.
11. Pa dwe genyen animal san otorizasyon Administrasyon an amwens sa pèmèt dapre sa ki nan paragraf G(14) oswa G(15).
12. Pou pa kreye oswa pèmèt lòt Lokatè, manmb kay yon Lokatè, fanmi, envite, envite oswa reprezantan, okenn pwoblèm, bri oswa izaj Apatman an ki ofanse; pou pa koze okenn nwizans, prive oswa publik; pa mete oken bagay ki anpeche izaj area publik la.
13. Pou pa angaje, oswa pèmèt angajman nan, pa Lokatè a, manmb kay Lokatè a, fanmi, envite, envite oswa reprezantan okenn zak ki ilegaloswa izaj illegal Apatman an, area publik, oswa lakou devlopman an, zak sa yo oswa izaj ken ki pa limite a vant, izaj, distribisyon, manifakti, sere oswa posesyon zam illegal, dwòg illegal oswa lòt sibstans kontwole, oswa komèt zak ki koze oswa menase domajman fizik oswa kondisyon ki mete la vi lòt moun an danje tankou li dekri nan paragraf G(10) (c)-(j) pi ba a.
14. Lokatè yo dakò pou aktivman sipèvize ti moun Lokatè yo, moun ki rete nan kay la, vizitè ak envite epi pou responzab zak ak konpòtman yo dapre Akò sa a pou aksyon yo ak konpòtman nan Apatman an, area publik la oswa lòt lokatè, tankou aksyon sa yo te aksyon Lokatè a.
15. Pou obeyi lwa yo, règleman epi responsabilite ki pou Lokatè yo dapre Pwogram Asistans Aplikab la.
16. Pou rete nan Apatman an epi itilize Apatman an tankou sèl Rezidans.
17. Pou obeyi Lwa ak Regilasyon MassHousing Devlopman an, ki taché nan Akò sa a epi ki fè pati kòm chanjman de tan zan tan epi apwouve pa MassHousing dapre trant (30) jou anonsman ekri bay Lokatè a.
18. Pou bay Administrasyon an tout lèt oswa anons ou resevwa nan men HUD oswa nenpòt administrasyon yon Pwogram Asistans Aplikab pou Lokatè oswa okenn lòt moun ki rete nan Apatman an ki bay enfòmasyon ki gen rapò ak konbyen lajan oswa verifikasyon salè yon fanmi dapre tablo nesesè pou fanmi ki patisipe nan Pwogram Asistans Aplikab la.

19. Pou mentni epi kenbe detektè la fimen ak tout lòt aparey sekirite, tankou detektè gaz ki san koulè oswa sant, ki nan Apatman an dwe toujou travay korèkteman; pou kenbe tout switch elektrik (Circuit Breakers) nan pozisyon “ON” epi pil/batri ki nan detektè yo dwe rete nan plas yo tout tan.

G. **ADMINISTRASYON AN DAKÒ**

1. Pou kenbe bilding apatman an nan bon eta, area publik yo, lakou a, Apatman an ak tout ekipman ki endedan li nan bon kondisyon an konfòmite ak Kod Sanitè Eta (State Sanitary Code) ak tout lòt lwa aplikab, règ ak regilasyon ajans konpetan nan zòn nan, enkli tout obligasyon Pwogram Asistans Aplikab yo.
2. San limite sa ki dekri anvan yo, Administrasyon an dakò pou repare tout defo, tout swit si posib apre li resevwa demand nan men Lokatè a. Si Lokatè a kwè li soufri enkonvenians a koz defo sa a, Lokatè a dwe genyen dwa pou mande Admmistrasyon an yon diskount nan lwaye a ki egal a soufrans sa Lokatè a soufri a jiskake reparasyon yo fèt.
3. Si salè Lokatè a bese epitou Lokatè a vin kalifye pou asistans oswa asistans adisyonel dapre Pwogram Asistans Aplikab, Administrasyon an dwe bese lwaye Lokatè a dapre lwa Pwogram Asistans Aplikab la depi genyen fon pou aistans sa a epi Lokatè a kalifye pou asistans sa a. Nenpòt ki rediksyon dwe vin efektif lè vin gen fon pou asistans finansyè sa a.
4. Pou pèmèt Lokatè pou rezon valab ki vevifye tankou aistans nan wèlfè oswa lòt peyman benefis pou peye pòsyon lwaye yo a pli souvan de yon fwa pa mwa dapre resi orè wèlfè sa a oswa peyman lòt benefis.
5. Amwens Pwogram Asistans Aplikab la egjije sa, pou pa egzekite ogmantasyon lwaye nan tout devlopman an a respè ak lokatè ki resevwa Asistans nan Pwogram Asistans Aplikab la pli souvan de yon fwa nan premye ane yo rete nan kay la (dapre limite Pwogram Asistans Aplike) la pèmèt la, epi lè ogmantasyon sa a fèt, pouf è Lokatè yo konnen a lekri tran (30) jou anvan dat ogmantasyon sa a vin efektif; depi, nenpòt ki ogmantasyon ki bezwen otorizasyon MassHousing oswa nenpòt lòt administratè yon Pwogram Asistans Aplikab pa dwe vin efektif anvan li genyen otorizasyon epi yo pa dwe bay okenn anvan lè sa a. (Pwogram sa a pa pèmèt okenn ogmantasyon lwaye pou Lokatè nan premye ane li rete nan apatman ansi Administrasyon an ta mande.)
6. Pou rantre nan Apatman Lokatè a sèlman pou rezon swivan sa yo (i) montre fiti aplikan ki ap chèche apatman pandan lè nòmal apre Lokatè a te fè konnen li ap soti nan apatman an; (ii) montre Apatman an lè reprezantan Mèt kay la, MassHousing oswa ajans publik apwopriye (iii) fè reparasyon oswa enpwouvman, oswa (iv) pou prevni enspeksyon pou mentenans. Administrasyon an dwe kapab rantre nan Apatman an sèlman apre yo fè Lokatè a konnen alavans, omwens 24 è, epi a yon lè ki rezonab, depi Administrasyon an ka rantre nan apatman an imedyatman epi pandan nenpòt ki moman yo panse genyen yon ijans ki egziste. Administrasyon an dwe toujou bay ase tan pou avize Lokatè a nan 24 èpi ak dat, lè ak rezon ijans Administrasyon an vle rantre nan apatman an si toutfwa Loaktè

pat lakay li lè yo rantre nan apatman an. Lokatè yo te déjà dakò Adminstrasyon an ka rantre nan apatman an pu rezo ki depi wo a.

7. Pou avize Lokatè nan yon lèt pa mwens de katòz (14) jou an avans anvan pou revoke Akò akoz de peyman pou lwave a oswa lòt kontravansyon ki nan paragraph F(13) oswa peryòd pli lontan Pwogram Asistans Aplikab la egzije a.
8. Pou voye yon lèt bay Lokatè a pa mwens de trant (30) jou an avans anvan yo revoke Akò sa a akoz de peyman pou lwave a oswa lòt kontravansyon ki nan paragraf F(13) oswa peryòd pli lontan Pwogram Asistans Aplikab oswa nenpòt ki aplikasyon leta egzije a.
9. Tout korespondans ki pale de yon kontra ki fini ki pap renouvre dwe klè kou dlo kokoyo epi dwe genyen tè swivan sa yo:
 - a. Dat presi Akò a ap finin;
 - b. Yon foul deklarasyon ki dekri rezon an/yo pou aksyon sa a, tankou referans akizasyon de violasyon an/yo dapre Akò a epi prèv sou kisa aksyon sa a baze;
 - c. Yon deklarasyon si Lokatè a oswa nenpòt ki moun ki gen dwa rete nan kay ki konsidere domaje dapre lwa federal ki aplikab nan leta Massachusetts, Lokatè a gen dwa a yon aranjman akomodasyon rezonab pou rezoud violasyon akò sa a si violasyon sa te kòz domajman sa a;
 - d. Yon deklarasyon Lokatè a gen dwa pou diskite ak Administrasyon an pwopozisyon revokasyon akò pou li rete nan apatman an anvan dat final revokasyon sa a nan korespondans revokasyon sa a;
 - e. Yon deklarasyon si Lokatè a rete nan Apatman an apre dat espesifye nan akò revokasyon sa a, yo ka mete li deyò sèlman dapre aksyon jidisyè nan moman sa a Lokatè ka prezante yon defans.
10. Revokasyon Akò oswa eviksyon Lokatè a pou okenn lòt rezon swivan sa yo:
 - a. lwave ki pa peye;
 - b. lòt “materyèl dezobeyisans” Lokatè a dapre Akò sa a;
 - c. aktivite kriminèl tankou dwòg nan Apatman an, oswa nan lòt pati Devlopman an, Lokatè a, nenpòt ki moun ki nan Apatman an, fanmi Lokatè a, vizitè, epi nenpòt angajman nan aktivite sila nan Apatman an oswa nan lakou Devlopman an pa nenpòt ki lòt moun ki sou kontwòl Lokatè a;
 - d. administrasyon an detèmine yon manmb kay la oswa Lokatè ap itilize yon dwòg ilegalman;

- e. administrasyon an detèmine genyen yon abitid izaj dwòg ilegal oswa Lokatè a, nenpòt ki moun ki nan Apatman an, nenpòt manmb kay la, oswa vizitè entèfere ak santé, sekirite, oswa dwa anpechman lòt lokatè jwisans Devlopman;
- f. lokatè a angaje nan aktivite kriminèl, nenpòt moun ki rete nan kay Lokatè a, yon vizitè oswa nenpòt ki lòt moun ki sou kontwòl Lokatè a:
 - (i) Ki menase santé, sekirite, oswa dwa anpechman lòt Lokatè jwisans nan la pè Devlopman an (enkli anplwaye administrasyon an ki ap viv nan menm Devlopman an): Oswa
 - (ii) Ki menase santé, sekirite, oswa dwa anpechman lòt Lokatè jwisans nan la pè vwazen oswa lòt moun ki nan katye a tou pre Devlopman an;
- g. si Lokatè a ap kouri pou evite pwosekisyon, oswa arestasyon oswa prizon apre yon konviksyon, pou yon krim, oswa atanta pou komèt yon krim, ki se yon felonî dapre lwa kote krim nan te fèt la, oswa nan ka Leta New Jersey, se yon gwo krim;
- h. si Lokatè a vyole kondisyon yon libète oswa pawòl dapre lwa Federal oswa Eta;
- i. Administrasyon an detèmine Lokatè a oswa yon moun ki rete nan menm kay ak Lokatè aabize dwòg oswa gen abitid abize tafya menase santé, sekirite, oswa dwa anpechman lòt Lokatè jwisans nan la pè Devlopman an;
- j. si Administrasyon an detèmine Lokatè a, oswa nenpòt ki manmb ki rete nan kay Lokatè a, yon vizitè oswa nenpòt ki lòt moun ki sou kontwòl Lokatè a te angaje nan aktivite kriminèl, kelkeswa menmsi Lokatè a, oswa nenpòt ki mou ki rete nan menm kay ak Lokatè, yon vizitè oswa nenpòt ki lòt moun ki sou kontwòl Lokatè a te arête oswa konvikte for aktivite sa a.
- k. lokatè a pa egzekite yon modifikasyon konsènan sa oswa ofri pou soti nan apatman an dapre sa ki dekri nan paragraph L.3. ki nan akò sa a.

Administrasyon an ka revoke Akò sa a pou lòt bon rezon epitou li ka revoke kontra a pou “lòt bon rezon” ka efektif depi nan fen premye tèm nan oswa nenpòt ki tèm ki swiv apre.

Tèm “dezobeyisans materyèl” dapre Akò sa a genyen: (1) youn (1) oswa plis violasyon grav Akò sa a; (2) repetisyon nan violasyon ki pa twò grav nan Akò sa a (a) deranje jwisans lòt moun nan Devloman an; (b) negativman afekte santé santé oswa sekirite nenpòt ki moun oswa dwa lòt lokatè ki anpeche yo jwi la vi yo trankilman nan apatman yo oswa lòt fasilitè biblik kin an devlopman an, (c) entèfere nan administrasyon Devlopman an, oswa (d) genyen yon rezulta negative nan finans Devlopman an; epi (3) Lokatè a pa bay enfòmasyon Adminstrasyon an egzije a rapidman sou salè ak konbyen moun ki nan fanmi, oswa lòt faktè ki detèmine kalifikasyon Lokatè a men ki pa limite a, pou pa kalifye pou kondisyon epi demand Nimewo Sosyal Sekirite yo egzije, oswa pa siyen epi retounen fòm ou dakò pou resevwa enfòmasyon sou sale ak enfòmasyon nan men ajans leta ki verifye epi ki kolesyone enfòmasyon sou sale.

11. Pou pèmèt Lokatè ak òganizatè lokatè pou òganize aktivite ki gen rapò ak Developman an nan Developman an oswa opere yon òganizasyon lokatè ki an akò ak Pwogram Asistans Aplikab la epi pou pa entèfere ak dwa Lokatè pou rasanble oswa pou vin manmb nan yon òganizasyon Lokatè.
12. Pou pa fè Lokatè yo peye pou itilize Developman an, fè yo amand, oswa chaje you pou sèvis, eksepte pou sèvis ki espesifik kin an Akò sa a oswa MassHousing apwouve nan règ ak regilasyon pou Developman an dapre lwa nan leta Massachusetts.
13. Pou pa diskrimine kont Lokatè a nan pwovizyon sèvis, oswa nan okenn lòt jan, dapre ras yon moun, reliyion, orijin nasyonal, seks, orientasyon sesksyèl (ki pa dwe genyen moun oriантasyon seksyèl ki gen ti moun ki minè), laj, enfòmasyon jenétik, zansèt, oswa estati marital moun sa a oswa moun say o oswa paske moun sa se yon veteran oswa manmb fòs ame oswa paske moun sa avèg, gen difiklite pou tandem, oswa okenn lòt andikap oswa manmb nan yon lòt klas ki gen pwoteksyon pa la lwa tankou paran ki p marye oswa ki ap resevwa asistans piblik oswa paske pa gen ti moun nan fanmi a.
14. Pou pèmèt lokatè pwojè ki rezève pou kay ki gen gran moun sèlman oswa moun ki bezwen asistans dapre Pwogram Seksyon 236 oswa Pwogram Seksyon 8 pou kenbe bêt kay endedan kay yo dapre pwovizyon ki Pwogram Asistans Aplikab la, dapre lwa leta oswa animal ki fè pati lwa Administrasyon an.
15. Pou pèmèt lokatè oswa nenpòt lòt moun ki gen dwa rete nan Apatman an pou genyen dwa a yon animal kòm konpayon kòm akomodasyon rezonab pou Lokatè a oswa rezidan sa ki genyen yon andikap, pou pèmèt animal sa akonpaye vizitè ki genyen andikap ki bezwen animal sa a pou ede y oak kapasite limite yo, dapre chak ka ki gen rapò ak lwa pou animal Administrasyon adopte.

H. RESETIFIKASYON ANYEL EPI RESETIFIKASYON TANPORE

1. Resètifikasyon Anyèl

- (a) Lokatè yo dakò pou konplete epi depose bay Administrasyon an chak ane fòm resètifikasyon an ki genyen enfòmasyon kòrèk sou sale fanmi an, travay epi konbyen moun ki genyen nan fanmi a epi souvan si Pwogram Asistans Aplikab la egzije sa. Lokatè yo dwe reounen fòm nan nan trant (30) jou apre yo fin resevwa li. Moun ki gran moun anpil oswa ki andikape oswa ki gen yon domajman kelkonk ka konplete pwosès sa pa la pòs oswa visit lakay yo san bezwen deplase pou vin nan ofis Administrasyon yo. Lokatè yo dakò tou pou yo bay Administrasyon an enfòmasyon adisyonèl si toutfwa Administrasyon an bezwen veryfyé fòm resètifikasyon an. Administrason dwe detèmine nan moman sa a, dapre enfòmasyon sa a, si toutfwa lwaye Lokatè a ap chanje, oswa si gwosè apatman sa toujou rankontre bezwen moun sa a ak fanmi li, oswa si Lokatè a toujou nan kategori limit sale a pou kontinye resevwa asistans dapre gid Pwogram Asistans Aplikab la. Lokatè yo dakò pou peye tout ajisteman ki fèt dapre resètifikasyon sa a. Lokatè yo dak!! toujou resevwa yon apatman ki diefran nan

gwosè epi nan deiferan lokasyon si resètifikasyon detèmine Apatman sa a pa a konfòme a bezwen Lokatè a.

- (b) Si Lokatè a pa retounen fòm resètifikasyon pa dat Adminstrasyon an te egzije a, Adminstrasyon ka egzije Lokatè a, efektif depi premye peryòd ki kòmanse apre fin trantyèm (30èm) jou peryòd korespondans resètifikasyon an pou peye lwaye ki pi wo dapre lwaye ki aplikab nan makèt la pou moun ki pa jwen asistans dapre Pwogram Asistans Aplikab la. “Lwaye ki aplikab nan makèt” la dwe “Lwaye Aktyèl Makèt” ki rekonèt pa MassHousing pou seksyon 13A devlopman ki gen asistans devlopman; Lwaye Pi Ba Pri Makèt la se, ki rekonèt tou pa HUD-lwaye makèt apwouve, ki rekonèt pa MassHousing ak HUD pou asistans Seksyon 236 devlopman; Kontra Lwaye HUD pou devlopman Seksyon 8, epi, ak respè nan nenpòt lòt Pwogram Asistans Aplikab, oswa pri lwaye makèt ki te etabli pa Administrasyon an pou pou Apatman ki pa resevwa asistans nan Devlopman an oswa pri lwaye makèt dapre Pwogram Asistans Aplikab. Nan ka sa a Administrasyon an ka egzekite nenpòt ki ogmantasyon nan lwaye dapre rezulta pwosès resètifikasyon an san li pa bay trant (30) jou avètisman an bay Lokatè a ke yo egzije nan Paragraf B Akò sa a. pa lwaye makèt HUD.

2. **ÈTIFIKASYON TANPORÈ**

- (a) Lokatè yo dakò pou rapòte nan trant (30) jou nenpòt ki chanjman ki genyen nan konpozisyon oswa konbyen moun ki rete nan Apatman a koz de yon moun ki pa rete nan Apatman ankò. Oswa nenpòt ki chanjman ki ta genyen nan sale tout moun ansanm nan Apatman an ki plis de \$200 pa mwa oswa paske yon adilt nan kay la jwen travay kit e rapòte san travay anvan nan dènye sètifikasyon oswa resètifikasyon an. Administrasyon an Administrasyon dwe detèmine nan moman sa a, dapre enfòmasyon sa a, si toutfwa lwaye Lokatè a ap chanje, oswa si Lokatè a toujou nan kategori limit salè a pou kontinye resevwa asistans. Lokatè yo dakò pou peye tout ajisteman ki fèt dapre resètifikasyon sa a.
- (b) Lokatè yo dwe nenpòt pèt ki genyen nan salè li, oswa nenpòt ki chanjman nan lòt faktè ki konsidere nan kalkile Lwaye Lokatè a. Si soustraksyon nan sale li a oswa chanjman nan lòt faktè ap dire plis de trant (30) jou, Administrasyon ap verifye enfòmasyon sa a epi fè dediksyon apwopriye a dapre règ nenpòt Pwogram Asistans Aplikab jiskaske gen fon ki la pou pwoblem sa a epi pou tout tan Lokatè a kalifye pou resevwa fon sa dapre Pwogram Asistans Aplikab la. Sepandan, si sale Lokatè ap retounen menm jan lit e ye anvan nan de (2) mwa Administrasyon an ka retade sètifikasyon an jiskaske yo konnen nouvo salè a, men tout rediksyon nan lwaye a ap retroaktif epi Administrasyon an pa kapab evikte Lokatè a paske li pa peye lwaye li pandan peryòd rediksyon nan salè a ak sètifikasyon ki déjà konplete a. Lokatè a gen trant (30) jou apre li resevwa avètisman nenpòt lwaye ki poko peye pandan tan sa apou peye Administrasyon an oswa Administrasyon an gen dwa pou evikte li paske lip aye lwaye li.

- (c) Si lokatè a pa kominike Ak Administrasyon an de chanjman tanporè sa, Administrasyon an ka ogmante lwaye Lokatè a datre pri lwaye makèt la ki dekri nan Seksyon H(1)(b) san li pa bay trant (30) jou avètisman an ki obligatwa nan paragraph B Akò sa a.
3. Lokatè a ka mande pou rankontre ak Administrasyon an pou diskite nenpòt ki chanjman nan lwaye oswa asistans peyman dapre rezulta resètifikasyon an. Si Lokatè mande mitinj sa a, Administrasyon an dakò pou rankontre avek Lokatè a pou diskite ki fason yo te kalkile lwaye ak asistans Lokatè a.

I. ASISTANS SISPANN

[Aplikab sèlman pou lokatè ki resevwa asistans nan pwogram lwaye adisyonel HUD, pwogram asistans lwaye ak Pwogram Seksyon 8]

1. Lokatè a rekonèt asistans li ap resevwa ka sispan si toutfwa youn nan evenman swivan say o pase. Asistans finansyè a sispan vle di Administrasyon an kapab bay yon lòt Lokatè asistans sa a epi lwaye Lokatè ap rekalkile oswa HUD sispan Pwogram Asistans Aplikab la. An plis, si asistans Lokatè a sispan a koz kritè (a) oswa (b) anba a, Lokatè a oblige peye pri lwaye makèt dapre deskripsiyon kin an Seksyon H(1)(b).
 - (a) Lokatè a pa founi Administrasyon an enfòmasyon oswa rapò li oblige bay la dapre paragraph H nan 10 jou kalandriye depi lit e resevwa avètisman entansyon pou sispan asistans peyman pou Lokatè a.
 - (b) Pri Lokatè a dwe egzije peye pou lwaye ak itilite dapre règ ak regilasyon HUD dwe egal “Lwaye Fanmi a an Gwo” dapre kalkilasyon regilasyon asistans aplikab la.
 - (c) HUD sispan Pwogram Asistans Aplikab Lokatè a te kon resevwa a.
2. Administrasyon an dakò poul voye yon lèt bay Lokatè a poul fè li konnen yo ka sispan pwogram nan. Lèt sa a ap konseye Lokatè a ke, pandan dis (10) jou kalandriye apre dat Lokate resevwa lèt sa a, li ka mande poul rankontre ak Administrasyon pou diskite pwopozisyon sispan asistans sa a. Si Lokatè a mande yon diskisyon dapre pwopozisyon sa a, Administrasyon an dakò pou rankontre ak Lokatè a.
3. Sispansyon asistans pa dwe afekte lòt dwa Lokatè a dapre Akò sa a oswa dapre lwa aplikab la, enkli dwa pou rete nan Apatman an. Si asistans la sispan dapre paragraph 1.(a) oswa (b) anwo a, asistans la ka rekòmanse si Lokatè voye enfòmasyon tankou salè ak lòt dokiman HUD egzije, peye a lè tout lajan lwaye lid we dapre sispan asistans sa a, epi Administrasyon an detèmine Lokatè a kalifye pou pou asistans, epi genyen fon pou bay asistans.

J. GWOSÈ AK JAN APATMAN YO

Lokatè a dakò Administrasyon dwe ofri apatman dapre konbyen moun ki nan fanmi Lokatè a pou yo kapab jwen apatman pou fanmi ka nan anpil bezwen. An adisyon, nesesite pwogram asistans aplikab ka egzije Administrasyon an pou bay aptman dapre dapre konsiderasyon dimansyon apatman an, relasyon nan fanmi a, laj, seks moun kin an fanmi anepi preferans fanmi a. Si dapre jijman Administrasyon an, Lokatè vin kalifye pou diferan sayz apatman, epi say apatman sa a vin egziste, Lokatè a dakò poul:

- (a) Rantre nan apatman an nan trant (30) jou apre Administrasyon an te notifye li yo genyen yon apatman nan sayz li e bezwen nan Devlopman an; oswa
- (b) Si Apatman an pi gwo pase apatman li bezwen an, pou rete nan menm apatman an epi pou peye oswa pri lwaye makèt ki aplikab tankou li defini nan Seksyon H(1)(b) oswa lwaye baze nan sayz Apatman an li ye a dapre Administrasyon an epi dapre sa ki pèmèt nan Pwogram Asistans Aplikab la.

K. AKOMODASYON REZONAB

1. Aministrasyon ak Lokatè a dakò operasyon Devlopman an ap baze dapre plizyè lwa federal, leta epi lwa pou kay ki jis, enkli men ki pa limite a, Seksyon 504 Rehabilitation Act of 1973, the Americans with Disabilities Act, Titles II and III, the Fair Housing Act and Massachusetts Chapter 151B) Ak Reabilitasyon 1973, Ak pou Ameriken ki gen andikap, Tit II ak III, Ak pou Kay Jis, chapit 151 B ki egzije akomodasyon pou moun ki gen andikap tankou li defini nan lwa (lwa say o ak nenpòt regilasyon ap refere la epitou pi devan tanklou “Lwa Aplikab”). Administrasyon an ap sikile lwa sa a ali bay Lokatè yon kopi lwa sa a anvan egzekisyon nan Akò a. Administrasyon an dakò poul fè Lokatè yo konnen depi gen okenn chanjman nan lwa sa a, avek akò MassHousing, dwe de tan zan tan sikile lwa sa a. Lwa sa a, ap chanje de tan zan tan, refere la epi pli devan kòm Lwa Akomodasyon Rezonab Administrasyon an”.
2. Kòm Lwa Akomodasyon Rezonab Administrasyon an dapre Lwa Aplikab la, Lokatè yo dapre andikap li oswa andikap yon moun ki gen dwa rete nan menm kay ak Lokatè a (“Lokatè ak yon andikap”), ka mande Adminstrasyon bal yon “Akomodasyon Rezonab”, pou asire aksè egal pou yon Lokatè ak Andikap nan tout facilite Administrasyon an, sèvis ak pwogram. Akomodasyon Rezonab sa a ka genyen chanjman nan bildinj nan, lakou oswa apatman yon lokatè ak chanjman nan lwa, pratik ak regilasyon. Dapre demand sa a, Administrasyon dakò li ap:
 - (a) li ap swiv mezi kin an Lwa Akomodasyon Rezonab laak tout pwovizyon Lwa Aplikab la nan repons a demand Lokatè yo epi pran tout aksyon dapre Lwa Aplikab la ak respe lwa sa a.
 - (b) nan ekstansyon ki egzije dapre Lwa Aplikab la, pou bay Akomodasyon Rezonab pou Lokatè ki genyen yon andikap, enkli pou chanjman nan règ, lwa oswa mezi, fè epi peye pou chanjman nan estrikti apatman an oswa are komen yo nan pwen

estrikti enpratikab, deè kòve finansyè ak administrative oswa egzije chanjman fondamantal nan pwogram Admininstrasyon an;

- (c) nan konklizyon Administrasyon an detèmine li pa kapab fè Akomodasyon Rezonab sa yo pou rezon ki dekri nan (b) anwo a, rankontre ak Lokatè a pou detèmine mwayen ki miyò pou bay Akomodasyon Rezonab sa a ak lajan ki rezève pou sa, epi si obligatwa dapre Lwa Aplikab, pèmèt Lokatè a pou fè epi peyepou nenpòt ki chanjman ki obligatwa.

3. Pi ba nan paragraf sa a dapre Akò a li endike si Apatman an te bati pou adapte moun ki gen yon andikap. Administrasyon an rezève dwa li pou li chèche apatman ki ki bati pou Lokatè ki genyen yon Andikap ki gen pli gwo bezwen pou apatman sa a.Si Lokatè a oswa yon moun ki gen dwa pou rete nan menm apatman ak Lokatè a pa genyen okenn Andikap, Lokatè a dakò si genyen yon lokatè, oswa aplikan, ki bezwen yon apatman ki bati pou moun ki gen andikap, ap mouv nan trant (30) jou depi li resevwa yon lèt nan men Administrasyon, yon lòt apatman ki konparab nan lwaye epi ki menm gwosè ak apatman ke li genyen a, Nan ka sa a, si Lokatè a pa vle mouv pou ofri apatman an bay moun sa ki gen pli gwo bezwen an, vle di ki li pa aksepte tèm Akò a, epi ka koze revokasyon Akò a.

► Apatman an Aksesib Wi □ No □

► Rezidan an bezwen yon Apatman Aksesib Wi No

Si toutfwa apre dat Akò sa a, Lokatè a oswa nenpòt ki moun ki gen dwa rete nan menm apatman ak lokatè a ta vin tounen yon Lokatè ki genyen yon Andikap epi ki bezwen yon Apatman ki bati pou sa, Lokatè a dwe voye yon lèt pou mande yon chanjman epi Administrasyon an swiv mezi kin an paragraph 1 ak 2 nan souseksyon K a ap gouvène.

L. PWOVIZYON JENERAL

1. Pwovizyon ki nan Akò sa a reprezante pati ki pi enpòtan nan relasyon ant Administrasyon ak Lokatè a. Lòt tèm ki konsistan ak Akò sa a ka nan règ ak regilasyon MassHousing aksepte yo pou Developman an ak regilasyon ak administrasyon ant MassHousing api Pwopriyetè Developman an. Kopi dokiman sa yo egziste nan Administrasyon an oswa MassHousing, si Lokatè a mande voye yon lèt pou mande yon kopi, yo dwe bay Lokatè a kopi sa a nan dis (10) jou apre yo resevwa demand sa a.
 2. Si tout oswa yon gwo pati nan Apatman pandan tèm Akò sa a oswa yon ekstansyon tap ran dife oswa yon lòt dezas, alò:

3. Administrasyon an, si MassHousing te dakò anvan, ka chanje nenpòt oswa tout tèm ak kondisyon Akò a kidwe efektif nan fin premye tèm oswa nenpòt ki lè pandan yon tèm swivan, pa avètisman bay Lokatè a pou ofri yon revizyon nan Akò a oswa yon adisyon nan Akò ki déjà egziste a. Lokatè a dwe resevwa avètisman ak òf sa a swasant (60) jou anvan dat efektif chanjman an. Lè Lokatè a resevwa anons sa li genyen dis (10) jou pou ekri yon lèt bay Administrasyon an pou deklare si li aksepte nouvo tèm ak kondisyon Akò a oswa nenpòt ki adisyon, oswa si li pa dakò a nouvo tèm ak kondisyon yo Lokatè ekri yon lèt bay Administrasyon pou dapre Akò li genyen ak Administrasyon an pou declare entansyon pou sispann kontra a epi li ap soti nan apatman an. Revokasyon kontra sa a dwe efektif depi dat lè dat modifikasyon an te dwe vin efektif tankou li dekri nan modifikasyon an. Si Lokatè a pa dakò pou egzekite modifikasyon an oswa pou ofri poul soti nan apatman an se jistifikasiyon pou eviksyon.
4. Si nenpòt ki pwovizyon nan Akò sa a oswa pòsyon pwovizyon sa a oswa aplikasyon dapre deklarasyon bay nenpòt moun oswa sikontans ki pa akseptab, rès Akò sa a (oswa rès pwovizyon sa a) ak aplikasyon bay lòt moun oswa sikontans pa dwe afekte.
5. Dapre Akò sa a li obligatwa pou anons sa a kominoke trè byen.
 - a. Bay Administrasyon an, si korespondans la sètifye oswa anrejistre pa Administrasyon an nan adrès ki endike la a oswa nan yon lòt adrès Administrasyon an ka chwazi a lekri oswa pa delivrezon nan men bay manadjè pwopriyete devlopman men pa bay nenpòt ki rezidan sipètentandan oswa travayè mentenans.
 - b. Bay Lokatè a, tout korespondans dwe fèt a lekri epi oswa poste bay Lokatè a, oswa deliver pèsonèlman bay bay Apatman Lokatè a. Pou Lokatè ki ap resevwa benefis nan Seksyon asistans 236 yo, oswa si Administrasyon an ap revoke Akò sa a, pou "lòt rezon valab," korespondans Administrasyon an revokasyon Akò sa a, oswa modifikasyon nan Akò sa a, dwe fèt swivan mwayen sa (1) poste yon lèt premye klas, mete tenb ak adrès sou li, bay Lokatè a nan adrès Apatman Lokatè a epi (2) sèvi yon kopi lèt sa ki anonse revokasyon oswa modifikasyon kontra a bay nenpòt ki adilt ki reponn pòt nan Apatman an, oswa si pa genyon yon adilt ki reponn pòt Apatman an, poste li sou pòt apatman an nan ka Lèt sa a pa kapab pase anba pòt Apatman an.
 - c. Lokatè ki genyen yon andikap ki fè demand a lekri bay Administrasyon an pou vokye tout korespondans nan lòt fòma, tankou lèt ki gen gwo lèt ki enprime oswa tep, oswa mande pou voye korespondans bay yon reprezantan, pa dwe konsidere resevwa korespondans a mwenske administrasyon an swiv enstriksyon sa yo.
6. Akò sa a dwe sijè a epi dwa tout moun I enplike nan tèm ak pwovizyon nenpòt ki Pwogram Asistans Aplikab, nenpòt mògej (mortgage) MassHousing, akò regilasyon, HUD oswa enterè rediksyon kontra, kontra Seksyon 8, epi tout lòt estati, règ ak regilasyon federal ki aplikab, eta oswa lòt ajans gouvènman. Nan ka oken konfli oswa enkonsistans, pwovizyon ak kondisyon tèm ak pwovizyon, mògej, akò, kontra, estati, règ ak regilasyon, chanjman dwe vin anvan Akò sa a.

7. Renonse nenpòt ki violasyon yon pati, kondisyon, pwomès, oswa obligasyon Akò sa a, kelkeswa Lokatè a oswa Administrasyon an pa dwe konsidere tankou yon padon oswa abandon nan nenpòt ki violasyon yon pati, kondisyon, pwomès, oswa obligasyon renonse dwa li dapre Akò sa a.
8. Sijè a lwa ki plaikab, Adminstrasyon an ap bay jiska \$750 benfis asiranspou kouvri depans aktyèl pou relokasyon si dife boule oswa domaje kay Lokatè a.
9. Lokatè yo rekonèt epi dakò tout sa li posede nan Devlopman an sou kontwol Lokatè a dwe se risk pa li. Dapre pwovizyon lwa aplikab la, Administrasyon pa dwe responsab legalman pou bagay ki domaje oswa pèdi, boule nan dife, domaje nan dlo, kondansasyon, oswa nenpòt ki lòt kòz ki detwi bagay Lokatè a, pandan nan Apatman an oswa lòt kote nan Devlopman oswa nan zòn Devlopman an. Lokatè yo rekonèt Administrasyon an oswa Pwopriyetè Devlopman an pa ofri asirans pou bagay pèsonèl Lokatè a.

M. LOKATÈ AK LÒT MOUN KI GEN DWA RETE NAN APATMAN AN

Lokatè a dakò koulye a epi devan sètifye apre li siyen Akò sa a se sèlman non moun sa yo dwe konsidere kòm moun ki dwe rete nan Apatman an, epi Lokatè a pa gen dwa pase Akò sa bay yon lòt moun, soul we apatman an, pèmèt lòt moun rete nan kay an pèmanans, vizitè ki peye, oswa okenn lòt moun ki pa liste nan paragraf sa a, oswa bay pèmisyon pou itilize Apatman pou okenn lòt rezon ki pa prive:

1. _____
2. _____
3. _____
4. _____
5. _____

N. NIMEWO TELEFÒN LOKATÈ

Lokatè a dwe bay Administrasyon an nimewo telefòn administrasyon an ka jwenn nan travay oswa la kay li, si aplikab. Nenpòt ki chanjman nan nimewo telefòn sa yo dwe rapòte bay Administrasyon an tou swit.

_____ Telefòn Kay la
_____ Telefòn Travay

Lokatè a dwe bay Administrasyon an nimewo telefòn yon moun ki pa nan menm kay avek li nan ka yon ijans.

_____ Non Moun sa a

_____ Nimewo Telefòn

O. PWOPRIYETÈ/REPREZANTAN ADRÈS AK TELEFÒN

Adrès ak nimewo telefòn Pwopriyetè se: _____

Adrès ak nimewo telefòn Adminstrasyon an, ki responsab pou swen ak reparasyon nan Developman an, epitou ki otorize pou resevwa anons violasyon lwa yo epi ki ka aksepte resevwa manda pou Pwopriyetè se:

_____ Non Moun sa a

_____ Nimewo Telefòn

P. PENALITE POU KOZ YO PA RAPÒTE OSWA BAY MOVE ENFÒMASYON

Si Lokatè a konnen li pa rapòte oswa bay manti nan rapò enfòmasyon nan nenpòt ki aplikasyon oswa resètifikasyon, oswa chanje tanporèman, konpozisyon fanmi li, oswa lòt data ki ka detèmine kalifikasyon Lokatè a oswa pou pri lwaye, a koz de move enfòmasyon li bay li ap peye yon lwaye ki mwens de sa li dwe peye dapre règ asistans aplikab nan Pwogram Asistans Aplikab la, Lokatè a dakò pou ranbouse Administrasyon an diferans ant lwaye li peye ak sa li te dwe peye a. Epitou, Lokatè ka sijè a eviksyon paske li pa respekte kontra a Akò a epi li ka gen poul peye panalite dapre lwa federal epi/oswa leta, ki ka genyen anpil penalite oswa anprizonman epi, dapre lwa federal, ka gen poul peye jiska \$10,000 epi li ka al nan prizon pou senk (5) an. Lokatè a pa genyen poul ranbouse Administrasyon an si yo fèl peye mwens a koz Administrasyon an pa swivmezi aplikab yo dapre Pwogram Asistans Aplikab la pou kalkile lwaye oswa asistans peyman.

Q. MANADJÈ/PATNÈCHIP

Nan ka Pwopriyetè a se se manadjè/asosiyayon oswa yon patnèchip, oken manadjè oswa benefisyè oswa envestè asosiyasyon sa a epi oken patnè, jeneral oswa limite nan patnèchip sa a dwe legalman responsab a okenn moun dapre tèm yo, kondisyon, akò, obligasyon, oswa akò sa a pou oken fason asiyen pou domaj oswa kòz aksyon la lwa oswa dakò pou renonse dapre izaj, izaj oswa mentenans nan Apatman an epi Lokatè a dwe sèlman gade byen patnèchip la pou satifaksyon si vle asiyen.

R. ATACHMAN AK ORÈ

Akò sa a dwe genyen tout Atachman ak Orè, ki tache la epi ki rantre la kòm referans.

Administrasyon ak Lokatè a dakò yo li epi konprann Akò anwo a pou Rete nan Apatman an nan
____jou ane 20____.

Administrasyon_____

Lokatè _____

Lokatè _____

Attachman:

Orè A – Pwogram Asistans Aplikab

Attachman A – Fòm Enspeksyon

Attachman B – Règ ak Regilasyon Aksepte

Attachman C – Taks Egzanmp Bond/Kredi Taks Kay Salè Ba

Attachman D – Sètifikasyon Akò Pwopriyetè ak HUD

Kalifikasyon Lokatè a epi Tèm Lwaye Tenant

Fòm HUD-50059 (pou asistans devlopman HUD sèlman)

Attachman E – VAWA Sipleman (pou Pwojè Seksyon 8 HUD asistans devlopman sèlman)

Orè A –

PWOGRAM ASISTANS APLIKAB POU APATMAN EPI/OSWA LOKATÈ

- Seksyon 236 Peyman Enterè Redwi ofri pa HUD epi administre pa MassHousing
- Seksyon 13A Peyman Enterè Redwi ofri pa Eta Massachusetts epi administre pa MassHousing
- Seksyon 8 pwojè baz asistans ofri pa HUD epi administre pa MassHousing oswa pa Housing Authority
- Seksyon 8 asistans vaoutchè ofri pa HUD epi administre pa Housing Authority
- Taks Kredi Kay pou Salè Ba dapre Seksyon 42 Internal Revenue Kòd 1986, kòm chanjman
- Massachusetts Low-Income Housing Tax Credits under M.G.L. c. 62, sec. 6 *I*
- Asistans pou KAY ofri pa
 - Massachusetts Department of Housing ak Community Development; epi/oswa
 - _____
- MRVP asistans ofri pa Massachusetts Department Housing ak Community Development
- Tax- Exempt bond finansman dapre Seksyon 142 Internal Revenue Kòd 1986, kòm chanjman ofri pa MassHousing
- Mobile MRVP oswa AHVP asistans ofri pa DHCD epi administer pa lokal housing authorities
- [Lòt – Souple Espesifye]

ATACHMAN A

FÒM ENSPEKSYON

Dat: _____

Chè Lokatè:

“SA SE YON DEKLARASYON KONDISYON APATMAN OU AP ANFÈME OSWA LWE A. OU DWE LI AK ANPIL ATANSYON POU VERIFYE SI TOUT BAGAY KÒRÈK. SI LI KÒRÈK, OU DWE SIYEN LI. SA AP VLE DI OU DAKÒ LIS LA KONPLÈ EPI KORÈK. SI LI PA KÒRÈK, OU DWE, NAN PAJ 2 FÒM SA A, LISTE TOUT BAGAY KI KRAZE, OUPANSE KI KRAZE NAN APATMAN AN. DEKLARASYON SA A DWE RETOOUNEN BAY ADMINISTRASYON AN NAN KENZ (15) JOU PARE OUR TE RESEVWA LIS SA A OSWA NAN KENZ (15) JOU APRE OU FINN RANTRE NAN APATMAN AN, NENPÒT KILÈS KI PI TA. SI OU PA RETOOUNEN LIS SA A NAN TAN KI ESPESIFYE A, YON JIJ KA DETÈMINE OU TE DAKÒ AK LIS SA TE KONPLÈ EPI KÒRÈK SI OU TA VLE RELE PWOPRIYETÈ/ADMINISTRASYON NAN TRIBINAL POU JWENN SEKITIRE DEPOZITOU LÈ TE RANTRE NAN APATMAN AN.”

DESKRIPSYON KONDISYON APATMAN AN

PA_____
ADMINISTRASYON

Tcheke Youn (1):

- Mwen enspekte epi aksepte nouvo apatman mwen an, tankou li dekri anwo a, epi mwen rekonèt enpekson apatman mwen an konplè epi pa genyen okenn reparasyon oswa koreksyon, ki nesesè nan apatman mwen an koulye a.

Dat _____

Siyati Lokatè a

- Mwen enspekte nouvo apatman mwen an, tankou li dekri anwo a, apa de eksepsyon ak koreksyon epi reparasyon ki make anba, mwen rekonèt enpekson apatman mwen an konplè epi pa genyen okenn reparasyon oswa koreksyon, ki nesesè nan apat de sa mwen make anba a.

Koreksyon ak reparasyon swivan sa yo bezwen fêt nan nouvo Apatman mwen a

Non: _____

Apt. No.: _____

Kwizin: _____

Mastè/Premye Chanm: _____

Salon: _____

Dezyèm Chanm: _____

Twalèt: _____

Lòt Kòmantè: _____

Lokatè a dakò koreksyon ak reparasyon Lokatè a te mande anwo a Administrasyon an korije konplètman depi 20 eksepte pou bagay swivan sa yo, Administrasyon ak tout Lokatè a dakò yo pa gwo anpèchman epi ki pa anpeche mwen viv nan Apatman an, epi ki tèlman piti yo pa bezwen ranje:

Siyati Lokatè a

Siyati Administrasyon an

ATACHMAN B

RÈG AK REGILASYON MASSHOUSING AKSEpte

ATACHMAN C

TAKS EGZENMP BONDS AK SALE BA PWOVIZYON TAKS KREDI

(Aplikab pou Apatman ki sijè a Taks Egzanmp Bonds epi/oswa Asistans Taks Kredi Salè Ba)

- (a) Kòm li endike nan Orè A la, Apatman an sijè a règ epi restriksyon ki gen rapò ak asistans li resevwa nan Devlopman an koneksyon ak oswa taks-egzanmp bonds epi/oswa sale ba taks kredi kay dapre Seksyon 42 kòd 1986 Depatman Entènal Revni, ki rekonèt tou (the "Code") kòd la. Pou rezon sa yo, yo detèmine Lokatè a se yon "Lokatè Kalifye" kote ki aplikab.
- (b) Li dwe konsidere tankou "dezobeyisans materyèl nan Akò sa a" si Lokatè a klase nan kategori "Lokatè Kalifye" paske li bay manti nan sètifikasyon salè fanmi'l oswa byen nan nенpòt ki enspeksyon, aplikasyon, oswa sètifikasyon dokiman. Lokatè a oblige bay prèv salè ak lòt byen apre resètifikasyon epi verifye materyèl chak ane oswa lòt lè ajans la chanje kredi taks egzanmp bonds epi/oswa kredi taks oswa Administrasyon an dwe egzije, genyen, men ki pa limite a, dokiman taks retèn federal epi leta ak W-2 oswa Fòm1099 Sèvis Entènal Revni (oswa ekivalan yo) pou Lokatè a ak lòt manmb kay Lokatè a pou ane kalandriye anvan ane demand sa te fèt.
- (c) Si Lokatè a flasifye sètifikasyon konpozisyon moun ki rete nan kay la ak Lokatè a, sètifikasyon sa a dwe konsidere tankou "dezobeyisans materyèl nan Akò sa a". Lokatè oblige bay verifikasiyon konpozisyon tout moun ki rete nan Apatman an. Dokiman ki akseptab Administrasyon an ka mande pou rezon sa a enkli, men ki pa limite a, ak de nesans pou chak ti moun ki minè ki abite nan Apatman an, kopi kat sekirite sosyal oswa nimewo, kopi lisans pou kondwi otomobil, oswa lòt fòm idantifikasiyon ki akseptab Lokatè a oblige founiapre resètifikasyon konpozisyon fanmi'l ajans ki regularize taks egzanmp bonds epi/oswa taks kredi oswa Administrasyon an egzije.
- (d) LOKATÈ A REKONÈT DAPRE KONDISYONTAKS EGZANMP BONDS AK PWOGGRAM TAKS KREDI A, YON FANMI KI GENYEN ELÈV FOUL TAYM SELMAN DAPRE DEFINISYON NAN SEKSYON 151©(4) DAPRE KÒD ENTÈNAL REVNI ILEGAL POU KALIFYE KOM FANMI LOKATÈ KALIFYE, KELKESWA SALÈ, A MWENSKE ELÈV FOUL TAYM SA A KALIFYE POU YON EGZENMPSON AKSETAB. EGZANMPSON KI KALIFYE SE: (1) FANMI A GENYEN KI PA YON ELÈV FOUL TAYM DAPRE DEFINISYON WPOVIZYON KÒD LA; (2) TOUT MOUN KI NAN AOATMAN MARYE EPI YO RANPLI TAKS RETÈN YO ANSANM TANKOU KOUP; (3) NENPÒT MOUN KI NAN KAY KI RESEVWA ASISTANS NAN PWOGGRAM TIT IV/TITLE IV NAN AK SOSYAL SEKIRITE; (4) NENPÒT MOUN NAN KAY LA NAN YON SÈTEN PWOGGRAM DJÒB PWOGGRAM KI SIPÒTE PA GOUVÈNMAN AN; (5) NENPÒT MOUN KI SE YON SÈL PARAN KI GENYEN TI MOUN KI DEPANDAN (DAPRE DESKRIPSYON NAN SEKSYON 152 KÒD LA).

ALÒ, SI LOKATÈ A, PANDAN PREMYE PERYÒD SÈTIKASYON AN, RESÈTIKASYON ANYÈL, OSWA NAN NENPÒT KI PERYÒD SALÈ BA A, PA KALIFYE KÒM YON LOKATÈ KI KALIFYE DAPRE KONDISYON ELÈV FOUL TAYM, SA KA REPREZANTE YON DEZAKÒ DAPRE AKÒ SA A EPI ADMINISTRASYON AN KA REVOKE AKÒ SA A, EPI PATISIPASYON LOKATÈ A NAN PWOGRAM SA A AP SISPANN, EPITOU LOKATÈ AP SIJÈ A EVIKSYON.

- (e) Apa de de tout bagay ki nan Akò sa a o kontrè, Apatman an pa dwe abite pa dwe gen okenn lòt moun apa de Lokatè a oswa manmb fanmi'l pou yon peryòd de plis de katòz (14) jou nan nenpòt kalandriye ane a, epi si Lokatè a pèmèt abitasyon sa pou yon peryòd ki pi long, san Administrasyon an pa dakò, abitasyon sa dezobeyi Akò, ki ka sijè a eviksyon Lokatè a.

ATACHMAN D

**Souple refere a Liv Sètifikasyon Pwopriyetè Akò ak HUD
Fòm HUD-50059 pou Kalifikasyon Lokatè epi Mezi pou Lwaye
(pou asistans devlopman HUD sèlman)**

ATACHMAN E

Souple refere a adisyon attachman VAWA a

(Pou Seksyon 8 HUD Pwojè Base asistans devlopman sèlman)